ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№115 (24.085) ● 2020 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 22, гъубж ● Тхъэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КІуэкІуэ Казбек жылагъуэ лэжьакІуэхэм яхуозэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и унэм щахуэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, ДАХ-м и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Бырсекъуэ Орфан сымэ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий КъБР-м и Іэтащхьэм хуиІуэтащ ДАХ-м и Хасащхьэм и зэІущІэу мэрем кІуам зэхэтам зи гугъу щащІахэр, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я деж щэнхабзэр, бзэр, хабзэр хъума щыхъунымкІэ хасэшхуэм иджыпсту зэфІигъэкІ Іэхуэхэмрэ хэхэс адыгэхэр адэжь хэкум нэхъри къыпыщІа хъужыныкІэ ялэжьхэмрэ.

ЛІыщхьэхэр щызэпсалъэм къыхэгъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэным, зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ гъэбыдэным, хамэ Іэхуэ епГыкІэ нэпцІхэм демыгъэхьэхьным теухуауэ зэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

КІуэкІуэ Казбек и деж еблэгъаъэм фІыщІэ яхуищащ пандемием и лъэхъэнэм унагъуэ хуэмыщІахэм зэрызыщІагъэкъуам папщІэ икІи Адыгэхэм я дунейпсо махуэмкІэ екъуэхъуащ.

Къэрал Іуэхугъуэм и фІыгъэкІэ

гъуэгухэм ущызекІуэныр шынагъуэншэ хъунущ

Къэралым и щыналъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ щагъэзащІэ Іэпкъ проектым зэреджэ къудейм - «ФІагъ льагэ зиІэ автомобиль гъэзгу шынагъуэншэхэр» - къыбжеІэ ар зыхуэгъэпсар, абы и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр.

ГЪУЭГУХЭР щащІкІэ, щыІэхэр щызэрагъэпэщыжкІэ гулъытэ зыхуэщІыпхъэр абы хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэмрэ къаГъэсэбэп материалхэмрэ я фІагъым и закъуэкъым, атІэ шынагъуэншагъэр кІыхь зэгъэпэщыным хуэгъэзауи я Іэ къызыпеКІуэкІ къагъанэ зыкунькъым, а Іэхуэхэр зэдауэ зэдгегъэкІуэкІыпхъэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр щыгъэпсыным хуэунэтІауэ дыз эрыт илъэсым мыпхуэдэ Іэхуэхэр щызэфІагъэкІ: щынальэ гъэзгухэр къагъэнэху, гъэзгубгъухэм иІэ гъущ къэухьхэр зэрахъуэкІ, светофорхэр фІадзэ.

Мы илъэсым гъэзгухэр нэхъ нэху щыхъунущ жылэ 11-м: Малкэ, Налшык, Александровскэ, Бахъсэн, Прохладнэ, Прималкинскэ, Лашынкъей, Альтуд, Урыху, Псынэдакэ, Куба. Псори зэхэту уэздыгъэхэр щыфІадзэнущ гъэзгу километр 38,5-м.

Гъущым къыхэщІыкІауэ гъэзгубгъухэм Іут къэухьхэр щызэрахъуэкІынущ нэхъ щынагъуэу щыт Прохладнэ - Елъхъуэт, Налшык - Майкэ, Налшык - Нарткъалэ, Вольнэ Аул - Хьэсэней - Джэрпэджэж - Къэщкъэтау гъэзгу Іыхьэхэм хуэзэу, апхуэдэуи Бахъсэн ущыдзэльадзкІэ иІэ щІыпІэм деж. Псори зэхэту апхуэдэ конструкцуэ зэрахъуэкІынущ километрих.

Апхуэдэуи муниципальнэ щыналъэ псоми щагъэувынущ Т.7 Іэужьыгъуэм хуэдэ светофорхэр. Нобэм ирихьалІэу республикэм щыфІадзащ автономнэ светофор 50, илъэсым и кІэ пщІондэ а бжыгъэр 137-м нагъэсыну я мурадщ.

А псоми къызэрагъэпэщынущ автомобилхэр зезыгъаКІуэхэми лъэсырызекІуэхэми я тыншыпІэр. «Къэрал пщалъэхэм тету зекІуапІэхэр къызэрагъэнэхуар, къэухьхэр зэрагъэувар, лъэсрыкІуэхэм папщІэ светофорхэр зэрыфІадзар, шэч хэмылъу, сэбэп хуэхъунущ гъэзгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэщыным», - жиІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ, подполковник Мэремащуэ Мусэ.

ДЖАТЭ Къантемыр.

● КъБР-м и Парламентым

ЗэхъуэкІыныгъэхэм хоплъэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм депутатхэр Іуэхугъуэ 30-м нэблагъэм щыхэплъащ.

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм мэкъумэшым хухэха щІыхэр къызэрыщагъэсэбэпым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэхуэкі» КъБР-м и законым и проектыр япэу зыхэплъахэм ящыщщ. Ар зытеухуар щІым епха федеральнэ законодательствэм къыщыгъэлъэгъуа мардэхэм хуэдэ зыгъэзащІэ положенэхэр законопроектым хэгъэкІныныр щ. Абыхэм ящыщщ нэгъуэщІ къэрал къикІахэмрэ къэралым и ЦІыхуу зэрыщытым щыхьэт техьуэ тхылъ зимыІэхэмрэ я хуитныгъэхэм теуха положенэр, мэкъумэшым хухэха щІым щыщ бэджэнду эратым ехьэлІар, нэгъуэщІхэри.

Депутатхэр хэплъащ «КъБР-м и ЦІыс кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КБР-м и законым и проектми. Парламентым щы Іуэхугъэмкіэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныр дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІ **ТекІушэ Артур** жиІащ абыкІэ мардэ зыбжанэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыкалъхьэр, язныкъуэхэм къару ямыІэжу къызэрагъэлъагъуэр.

ЗэІущІэм щыжаІащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым къыхилъхьа законопроектыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым сабийм и хуитныгъэхэр зэрыщаХъумэм теухуар, ягъэзэщІэн зэрыщІадзар.

- Абы илъ иткІэ республикэм и къэрал Іуэхущ1апІэхэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ ІэнатІэхэмрэ пщэрылъ ящыдощІ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зэрызэбграгъэкІ хъыбархэм сабийр ящыхъумэным елэжьыну, - кІыхигъэщащ комитетым и унафэщІ **Къажэр Хъусен**. - КъищынэмыщІауэ, къыхыдолъхьэ «ЦІыхухэм я узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэну, псом хуэмыдэу акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зыхэлъхэр зэрызрахьэлІэм зэрыпэщІэт Іэмалхэм ехьэлІа хабзэхэр дгъэткІиину.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мыпкър уней зэращым теухуауэ» КБР-м и Законым и 8-нэ Іыхьэм халъхьэну зэхъуэкІныныгъэхэм.

КБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ, зыужьныныгъэмрэ хьэрычэт Іуэхумкэкіэ и комитетым и унафэщІ **Іэпщэ Заур** жиІащ законопроектым ипкъ иткІэ республикэ, муниципальнэ мылъкуу блэкІа илъэсым уней ящІам кърикІуар КБР-м и Правительствэм гъэ къэс гъатхэпэм и 1-м фІэмыкІыу къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ ехьэлІа Іуэхуэр къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ», КБР-м и Законым и 36-нэ Іыхьэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» КБР-м и законым и проектым, «ЦІыхухэм я узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ», «ЩІыщІагъ фІыгъуэхэр» КБР-м и Законым и Іыхьэ 22-1-м зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным екъэлІауэ» законопроектхэм.

ЗэІущІэм зыщытепсэлъыхьа законопроектхэм къыщыгъэлъэгъуахэм депутатхэр елэжьынущ КБР-м и Парламентым и бжыхьэ сессием хыхьэу.

КъищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ Іуэхухэми хэплъащ, микрофинансыр лэжьыгъэм, унагъуэ псэуцъхьэхэм я бжыгъэр къэпщытэныр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщІхэми ятеухуауэ.

Депутатхэр арэзы техьуащ республикэм зегъэужьныным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ ІэщІагъэлІ зыбжанэ КБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъкІэ ягъэлъапІэну къызэрыхалъхьам.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КІуэкІуэ Казбек жылагъуэ лэжьакІуэхэм яхуозэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и унэм щахуэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, ДАХ-м и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Бырсекъуэ Орфан сымэ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий КъБР-м и Іэтащхьэм хуиІуэтащ ДАХ-м и Хасащхьэм и зэІущІэу мэрем кІуам зэхэтам зи гугъу щащІахэр, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я деж щэнхабзэр, бзэр, хабзэр хъума щыхъунымкІэ хасэшхуэм иджыпсту зэфІигъэкІ Іэхуэхэмрэ хэхэс адыгэхэр адэжь хэкум нэхъри къыпыщІа хъужыныкІэ ялэжьхэмрэ.

ЛІыщхьэхэр щызэпсалъэм къыхэгъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэным, зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ гъэбыдэным, хамэ Іэхуэ епГыкІэ нэпцІхэм демыгъэхьэхьным теухуауэ зэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

КІуэкІуэ Казбек и деж еблэгъаъэм фІыщІэ яхуищащ пандемием и лъэхъэнэм унагъуэ хуэмыщІахэм зэрызыщІагъэкъуам папщІэ икІи Адыгэхэм я дунейпсо махуэмкІэ екъуэхъуащ.

ЩІыпІэ-щІыпІэхэмкІэ лэжьакІуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Урысейм и вице-премьер Хуснуллин Марат фокІадэм и 17-м видеоконференц мардэм тету иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

АБЫ щыхэплъащ жьы дыдэ хъуа унэхэр гъэмэщІэным хуэунэтІа программэр, «ПсэупІэмрэ къалэ кІуэцІхэмрэ» лъэпкъ проектым хьыхьэр, гъэзэщІэным и Іуэхур зэрекІуэкІыр.

Хуснуллин Марат жиІащ кхъахэ хъуа унэхэм щІыхуэр къыщІагъэІэпэхъуКІыным трагъэкІуэдэн папщІэ щІыналъэхэм нэхъ пасэу хухаха сом мелард 50-м и процент 80-р, куэд щІауэ къагъэсэбэп фэтэрхэр къамыщэхуу, псэупІэ-щІэхэр ухуэным зэрытрагъэкІуэдэнур.

Вице-премьерым зэрыжиІамкІэ, мы гъэм программэм щІыналъэхэм щоужьэрэкІ, уеблэмэ илъэсым зэфІагъэкІыну ягъэува пІалъэм и пэ къихуэу ягъэзащІэ язныкъуэхэм. Абы къыхигъэщащ ущыпсэуну къемызэгъ хъуа унэхэм щІыхуэр нэхъ псынщІэу къыщІэгъэІэпхъуКІыным хуэунэтІа лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьэн мурадкІэ, ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ фондым зэгъэзэжуэныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законопроект Къэрал Думэм къызэрыщыхалъхьар. Абы бжьыхьэ зэхуэсым щыхэплъэну я мурадщ.

Ухуэныгъэу ирагъэкІуэкІым кІэрамыгъэхун папщІэ, жиІащ Хуснуллин Марат, къыкІэтыкІуэ илъэсым и бюджетым зэхъуэкІныныгъэхэр халъхьащ. Абыхэм ящыщщ илъэсым къриубыдэу ухуэныгъэм трагъэкІуэдэну къэрал ухуакІуэ Іуэхущ1апІэхэм хухаха мылъкур яухамэ, банким льготэхэр зиІэ щІыхуэ къыІихыну Іэмал зэрыратынур, къыкІэлъыкІуэ илъэсым контрактым хухаха мылъкумкІэ ар ипшыныжыну хуиту. Вице-премьерым къызэрыкигъащамкІэ, ар зэхьэлІар социальнэ ухуэныгъэхэм я проектхэу ХъуэныгъэмкІэ министерствэм зэфІигъэкІхэмрэ гъэгуэхэр щІыныгъэщ.

КъищынэмыщІауэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэм пщэрылъ зэращищІам ипкъ иткІэ, урысей къалищэ хуэдиз хагъэхьэнущ зыужьныныгъэмкІэ программэщІэ щхьэхэм. Урысейм Ухуэныгъэмкіэ и министерствэм зэман гъунэгъум зэхуэхьэсын щІидзэнущ абы хуэунэтІа тхылъхэр. Программэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащІынущ къалэхэр псы къабзэкІэ къызэгъэпэщыным, псы фІей щІэжьыпІэхэр щІыным.

ЗэІущІэм апхуэдэуи щыхэплъащ «ФІагъ льагэ зиІэ автомобиль гъэзгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщІа зэрыхъум.

Хуснуллин Марат жиІащ 2021 гъэм щыналъэхэм ухуэныгъэхэр щІэгъэхуэбжьауэ щегъэкІуэкІыным УФ-м и Правительствэм иджыри сом мелардищэ зэрыхухихар.

Вице-премьерым щыналъэхэм я унафэщІхэр къыхуриджащ илъэсищ зэкІэлъыкІуэм ирагъэкІуэкІыну ухуэныгъэхэм иджыри зэ хэплъэжыну икІи къэнэжа ахъшэр мы илъэсым трагъэшэжыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Лъэпкъ и зыпкъ кІуэдыркъым

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэр фокІадэм и 20-м ягъэлъапІащ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм къызэригъэпэща Іуэхугъуэ дахэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэр. Республикэм ис Іэпщ1элъапІащІэхэм утыку кърахьащ адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр. Апхуэдэуи сурэтыщІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щекІуэкІащ Тканенкэ Андрей и цІэр зезыхьэ сурэтыщІ гъуэзджэмкІэ музейм.

Фокіадэм и 17-м щегъэжьауэ Налшык къалэм зыщрагъэубгъащ махуэшхуэм теуха Іуэхугъуэхэм. Къапщтэмэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкІуэкІа «СтІол хъурейхэр» теухуауэ щытащ ди хабзэхэмрэ Іущыгъэхэмрэ, апхуэдэуи адыгэхэм Урысей къэралыгъуэм щаІэ мыхьэнэм.

Фокіадэм и 19 - 20 махуэхэм цІыхухэм япэІэщІэу гъуэзджэм и лэжьакІуэхэм онлайн-концерт ятащ. Налшык щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ Іэмал яІащ Вэрокъуэ Владимир дэфтэрэхэр и лъабжьэу триха, Идар Темрыкъуэ ипхъу Гъащэнэрэ (Марие) урыс пащтыхь Грозный Иванрэ ятеухуа фильмым.

ФокІадэм и 20-м ягъэлъэгъуащ Нэгъаплъэ Аскэрбий и «Шагъдий» фильмри.

Къыхэгъэщыпхъэщ махуэшхуэм ирихьэлІэу, лъэпкъым зэрызиужьар и лъабжьэу «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Нарт», «Жьыкэпс» (Тырку къыщыдокІ) газетхэм зэгъусэу номер зэхэт зэрагъэхьэзырар. Адыгэхэм я махуэм республикэ телевиденэмрэ радиомрэ нэтын гъэщІэгъуэн куэд къатащ, политикэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм, спортым, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми екъуІэныгъэ къыщызыхьаехэр къыхэхуащ.

НэгъуэщІ зы Іуэху гуапи жэпуэгъуэм зэхэтхьнущ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм игъэхьэзыр «Народная дипломатия адыгов (черкесов) - мост дружбы между народами» тхылъыр къыдагъэкІыну трауэхуащи.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

Іэтауэ щагъэлъэпІащ

Тхьэмахуэ махуэм, фокІадэм и 20-м, адыгэ щыпсэу сыт хуэдэ щІыпІи хуэдэу, ди щІыналъэми щагъэлъэпІащ Адыгэхэм я махуэр. ГуфІэгъуэм хуэгъэпса дауэдапщэхэр щекІуэкІащ Бахъсэн районым хыхьэ жылэхэм, онлайн щытыкІэм иту. Абыкіэ хъыбар дагъэщІащ щІыпІэ администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм.

ЛЪЭР щІэзыгъэкІ лъэпкъ къафэхэмрэ адыгэ уэрэджыкъэмкІэ къыщэІуахащ гуфІэгъэгъуэ. Утыкуэхэм хуарзэу итащ лъэпкъ фащэхэр зэкІупс адыгэ щІалэ къуданхэмрэ пщащэ дахэхэмрэ. Абыхэм къакІэлъыкІуащ адыгэ шхыныгъуэхэм я гъэльэгъуэныгъэхэр, ди нэхъыжьыфІхэмрэ къытщІэхъуэ щІэблэмрэ я зэхуэзэхэр. А зэІущІэхэм щытепсэлъыхьащ ди блэкІам, лъэпкъыр зэрыт нобэрей щытыкІэм, къэкІуэнум хуаІэ мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ.

ХьэтІохъущыкъуей къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм а махуэм ирихьэлІэу къыщыІэзэрагъэпэщат гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн. Абы и утыку кърахьахэм яхэлът адыгэхэм нэхъапэм зэрахьэу щыта хьэпшыпэ хьэлэмэтхэр, пхъэм, гъущІым кьахэІущыкІа Іэмэпсымэхэр, пщІэфІапІэм щызэрахьэу щыта хьэкъущыкъуэр, ди лъэпкъ фащэм щыщ Іыхьэхэр. А хьэпшыпхэр яфІэхьэлэмэтащ абы щыгъуазэ зыхуэзыщІа куэдым.

Щэнхабзэм и унэм къедза утыкуэхэм деж щапщэфІащ лъэпкъ щхьныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр. ЩІыпІэ-щІыпІэхэмкІэ лэгъупыкъуэр щызэфІадзат, лы ягъаварт, жьэрымэ щагъэурт. Махуэхуэм хэтахэм Іэмал яІащ адыгэхэм зэхьхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирихьэлІэу дгъэхьэзыр хабзэ хьэлыуэр зэрызэхэлъыр зрагъэщІэну, ар зэрапщІэфІ щІыкІэм кІэлъыплъыну. Хьэлыуэр хьэзыр хъуа ноужь, ар Іэшкіэ цыкіу ящІурэ зыфІэфІхэм хуагъэшащ.

Адыгэхэм ди зы гуфІэгъуэ зэхьхьэ зэфІэкІыркъым къафэрэ джэгурэ щымыІэу. ЛъэныкъуэкІэ утыкум щызэхаша джэгум къыдэкІуэу махуэшхуэм и къызэгъэпэщакІуэхэм, Бахъсэн щІыналъэм щэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэхэм, къызэхэсхэр щыгъуазэ хуащІащ ди лъэпкъым игъащІэ льандэрэ къыдекІуэкІ хабзэхэм, щэнхэм, Іуэху зехьэкІэхэм. ЩІыналъэм и нэхъыжьфІхэм ящыщ Бырхэм Мухьэмэд щІалэгъуалэм яхутесэлъыхьащ лъэпкъ фащэр зэрызэхэсыр Іыхьэхэмрэ абыхэм ягъэзащІэ мыхьэнэмрэ. Зи щІалэгъуэхэр дихьэхауэ едэІуащ нэхъыжьыфІым и псалъэм икІи фІыщІэ ин хуащІащ адыгэ фащэм теуха апхуэдэ щІэныгъэ гъэщІэгъуэн къазэрыбгъэдилъхьам папщІэ.

Махуэшхуэр зыгъэдэха творческэ гупхэм ящыщщ «Кавказ» ансамбль щІэрыІуэр. Абыхэм ягъэзащІа адыгэ уэрэдхэмрэ гунэс зыщымыхъуа къахэмыкІами ярейщ Іуэхум кърихьэлІахэм.

ЕтІанэгъэ пІалъэ фІыкІэ дынэсыну хъуахъуэри, гуфІэгъуэр адыгэ джэгу дахэкІэ зэхуащІыжащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Мэзхэр хъумэным хуэгъэзауэ

«ГАЗ-33088», «Камаз» машинэзыхуэхэр зи лъабжьэ мафІэс гъэнкІыфІхэмрэ трактор лъэрызехьэхэмрэ зи гугъу тщы Іуэхущ1апІэхэм я лыкІуэхэм щратар Налшык Абхъазым и утым фокІадэм и 18-м къыщызэрагъэпэща зэІущІэу зи гугъу тщы министерствэм иригъэкІуэкІарщ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ1э.

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

Пщ1э зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэхэ!

2020 гъэм фокІадэм и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щ1ыхуэхэм я1эрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэзыхьэх, фІыуэ флъагъу къыдэкІыгъуэхэм Іэ щытевдзэ ящІыну пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Іэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) щывэттыжыну къалэн зыщыдощІыж.

КъыдэкІыгъуэхэм Іэ тедзэным теуха фи упщІэхэм жэуап къратыжынущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэм.

Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, а Іуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и федеральнэ управленэ.

Іулыдж лъагэ зиІэ

Жылагъуэ, политикэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Берд Хьэзрэталий илъэс 70 ирокъу

Хьэзрэталий ныбжькІэ дэ нэхърэ нэхъ щІалэми, илъэс бжыгъэ куэд щІауэ зы Іуэху иужь диту гъащІэ гъэзуанэ къызэрызэдэтхІуам хуитыныгъэ къыдет ди ныбжьэгъу хуэдэу дытепсэлъыхьыну. Къыхэгъэщыпхъэщ ар сыт щыгъуи узыщыгугъ хъу цІыху нэсу зэрыщытыр, хуей хъумэ, занщІэу зыкъыпщІигъэкъуэну зэрыхьэзырыр.

БЕРД Хьэзрэталий 1950 гъэм Узбекистаным и Ташкент областым къыщалъхуащ. И адэзыхэр а щІыпІэм ягъэІэпэхуауэ щытащ. Зи хэку кърахуауэ щхьэхуэу ягъэтІысахэм ящыщти, Хьэзрэталии щІыІэр, мэжэщІалІагъэр, нэмыпІыпІэр зищІысыр къищІэну хунэсащ.

И адэр Хэку зауэшхуэм хэтащ икІи Вагъуэ Плъыжьым, Хэку зауэм я орденхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ. Илъэс куэдкІэ Брамтэ къуажэ советым и депутату щытащ, республикэм пщІэ зыхуищІ и цІыхуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, 1972 гъэм полупроводник Іэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр заводым Іэщ Іагъэлъ Іу лэжьэн щыщІидзащ Бердым, иужькІэ инженеруи лэжьащ. 1975 гъэм «Сельхозтехника»-м инженеру уващ, иужькІэ абы Бахъсэн къудамэм и унафэщІ хъуащ. 1984 гъэм щегъэжьауэ Бахъсэн щыналъэм и мэкъумэш ІэнатІэр зэрихьащ Хьэзрэталий. Абы щыгъуэм депутатхэм я щІыналъэ Советым и исполкомым и унафэщІу хахащ. 1987 гъэм ЩоджэнцІыкІум и цІэр зезыхьэ колхозым и тхъмадэ хъуащ. МэкъумэшыщІэхэм яхуищ пщІэмрэ а ІэнатІэм зэрыхуэзгъэзэмрэ я фІыгъэкІэ къэралым зэхъуэкІыныгъэхэр щыщыІа гъэхэм ди ныбжьэгъум Іуныдж зиІэ лэжьакІуэу зыкъигъэпэгъуащ.

1992 гъэм щегъэжьауэ 1997 гъэ пщІондэ Берд Хьэзрэталий Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэу щытащ. Езым зэрыжиІэмкІэ, «гъащІэм и нэхъ Іэфы Іпэр студентыгъуэращ, лэжьыгъэм щыщу колхозым щыщыІа лъэхъэнэрщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, махуэ къэс пщІэ лэжьыгъэм и хъерыр нэрыльагъуащ, ар зэфІэзыгъэкІ Іэщ Іхьэм, механикым, жэмышым ухуэарззыщ». «Си ехъулІэныгъэкІэ зи фІыщІэр си ущиякІуэхэращ. Сэ сытым дежи унафэщІ хъарзынэхэр сиІащ. ФІыщІэщхъэ хуэсщІу сигу кІызогъэкІыж Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь Ахъмэт Мусэбий. Арат Бахъсэн «Сельхозтехникэм» и унафэщІу сагъэувынкІэ зигу къэкІар, къыхэзыІыхьар. УнафэщІ кылыкъу сыпэрытынымкІэ си гъащІэм сэбэн къыщысхуэхъуащ КЪР-м и апэ Президент КІуэкІуэ Валерий. Политик Іущт ар, цІыхубэм я пашэу щытынымкІэ ди щапхъэт, и зы псалъэмэ, и ІэхъущІафэми гушхуэныгъэ къыптопсэльыхьэт, я нэхъ махуэ гугъу дыдэхэми», - игу къегъэкІыж Бердым.

1990 гъэхэм КЪР-м и щІыналъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым и Іэтащхьэу, Хьэзрэталий КІуэкІуэ Валерий бгъурыувэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым, лъапІэ, дин зэгурыІуэныгъэр зэтеублэным щІэбэнащ. Валерий зэи лъэпкъым и пашэу зыкъыщыхъужакъым, атІэ бгъурыс лІы хахуэм зэриІыхьэлу республикэ зэкъуэтыныгъэмрэ абы и хъугъуэфІигъуэхэр хъумэныр я гуащІэ хилъхьащ.

Мис а зэманырщ Хьэзрэталий и политикэ, жылагъуэ гупсысэкІэмрэ ІуэхуэхьэкІэмрэ наІуэ щыхъуар. Республикэм и кІэн къикІащ: ТІкІуэкІуэм и гупыр текІуэри, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыужьныныгъэм и гъэгум тевващ.

КЪР-м и Правительствэм и унафэщІым и къуэдзэу, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министру лажьэкІэрэ Берд Хьэзрэталий ди хэкум и мэкъумэш ІэнатІэр зыхуей хуэзэу зехьэным къаруушхуэ ирихьэлІащ. Сыт хуэдиз гугъуехьрэ лъэпощхьэпорэ и пащхьэ къимыувами, Іэщ Іагъэлі къэмыланджэр пэлъэщащ. Адыгэ щІалэм фІы дыдэу къыгурыІуэрт зыпэрыт ІэнатІэм ехьэлІауэ кърахьжьа зэхъуэкІыныгъэхэм республикэр зэрыхуэмыхьэзырыр, итІани федеральнэ ухуэкІэм и зы Іыхьэу щыт щІыналъэр абыхэм ебакъуэ зэрымыхъунур. Ар сытым дежи хуІІэкъуащ и Іуэхум пэжу пэрытым, а ІэнатІэхэм щылажьэхэм я еплъыкІэр къилъытэу, ди цІыхуэхэм я дежкІэ сэбэн нэхъ зэрыпылъым хуэдэу къалэнхэр зэфІихьын. КъехьулІащ ар Бердым. А зэман гугъум псэемыблэжу и кылыкъум зэрыпэрытам щхьэкІэ Хьэзрэталий къыхуагъэфэщащ щытащ «Урысей Федерацэм мэкъумэш ІэнатІэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр.

1999 - 2007 гъэхэм Бердым Нэлшык къалэ администрацэм и унафэщІ къалэнхэр игъэзэщащ. Мис абы щыгъуэми тхьэмадэ къызэрымыкІуэу зэрыщытыр псоми я фІэщ ищІащ. Хьэзрэталий къыхуэсэбэпыжащ цІыхуэхэм зэрадэлэжьам и пІалъэр, хэти зэрепсэльэн бзэ къызэрыхуигъуэтыфыр. А лъэхъэнэм бюджетыр хуабжьу къузат, абы емыльытауэ къалэ Іэтащхьэм хуэзфІэкІащ егъэджэныгъэ, медицинэ, цІыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр къыззэтримыгъэувыІэн, абыхэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъун. Къыщынэмыщ Іауэ, а къупыкъум пэрытыху КЪР-м и къалащхьэм гъэгъущІэ, унэщІэ куэд щаухуащ. Иджы ахэр нобэ цІыхуэхэм къахуэсэбэп, къалэр зыгъэдахэ ухуэныгъэщ.

Берд Хьэзрэталий Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, КЪР-м и Парламентым и Зэхуэсыгъуитхум я депутату, КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэу, КЪР-м и Парламентым и комитетым и Іэтащхьэу щытащ. Абы и гуащІэ хилъхьащ ди лъэхэм и парламентаризмэр зэфІэувэным, зиужьыным, апхуэдэуи иджыпІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и демократие институтхэр къызэгъэпэщыным. Абы папщІэ ди ныбжьэгъум, лэжьэгъум къыхуагъэфэщащ УФ-м и Къэрал Думэм и «Парламентаризмэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэм папщІэ» щыІэ дамыгъэр, УФ-м и Къэрал Думэмрэ Федерацэмкіэ и Советымрэ я ЩІыхь тхьилъхэр.

Илъэс бжыгъэ куэдкІэ щыхь пылъу зэрылэжьам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - ЩІыхь тхьилъыр къратащ, республикэм и футболым и зыужьныныгъэм гумызагъэу иужь зэритам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Иджыпсту Хьэзрэталий КЪР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІщ. Лэжьыгъэм и пІалъэ зэрищІэм, гупсысэ зэтеубыда зэриІэм, цІыхуэхэм зэрызэхихым, жлІэр къызэрыгурыІуэм я фІыгъэкІэ Жылагъуэ палатэм хэтхэми, республикэм исхэми пщІэ ин хуащІ.

Езыми къалэн нэхъыщхьэу зыхуэгъэзывэк политикэ, жылагъуэ епльыкІэ зэмыщхь зиІэ цІыхухэр зэкъуигъэувэнщ, псоми я къарур республикэм и зыужьныныгъэм хуегъэунэтІыныр, КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек цІыхубэр къуигъэувэнщ, экономикэмрэ псэукІэмрэ ирагъэфІэкІуэным телъжьэныр.

УНАГЪУЭ дахэ иІэщ Хьэзрэталий. И щхьэгъусэ Людмилэрэ езымрэ щІалитІ зэдапІащ, абы-хэм я бынжьу щІалищрэ хьэджэбзитІрэ яІащ.

Ди ныбжьэгъум граждан жылагъуэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищІам, жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыпэрытым папщІэ иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр. И илъэс 70-р щигъэлъапІэ мазэм дохьуэхъу гукъыдэжрэ гурыфІыгъуэрэ щымыщІэу иджыри илъэс куэдкІэ псэуну.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ уполномоченнэу КЪР-м щыІэ.
НЭХУЩ Заурбий,
УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт.



● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Япэ уІэгъэ. *Автолитографиер мэжэр сурэтыщІ* **Зичи Михай** *ейщ. 1853 гъэ*

Нобэрэ пщэдейрэ

ФокІадэм и 22, *гъубж*

♦**Автомобиль къэмыгъэсэбэпыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Болгарием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1908 гъэм ар Уэсмэн пащтыхьыгъуэм къыхэкІащ.

♦**Балтие къэралхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ.** Эстониием, Латвием, Литвам 2000 гъэм щегъэжьауэ щагъэлъапІэ.

♦США-м щагъэлъапІэ цІыхубз хьэрычэтыщІэхэм я махуэр

♦**1862 гъэм** США-м и президент Линкольн Авраам Іэ щІидзащ 1863 гъэм и щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ пщыІ псори щхьэхуит зэрыхъужым теухуа унафэм.

♦**1921 гъэм** Лъэпкъэм я Лигэм хагъэхьащ Латвиер, Литвар, Эстониер.

♦**1935 гъэм** ЦІыхубэ комиссарэм я советым и унафэкІэ, ятІуанэ, етІуанэ, ещанэ рангхэм я капитан цІэр ♦СССР-м и Дзэ-Тенджызэ Флотым щагъэуващ, Совет Союзым и Маршал цІэри къащтащ.

♦**1943 гъэм** Центральнэ, Воронежскэ фронтхэм я дзэхэр Днепр зэрпыкІащ.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм Таллинн къалэр хуит къащІыжащ.

♦**1960 гъэм** Малир къэрал щхьэхуит хьуащ.

♦КъигъэщІа илъэс 65-м щыщу илъэс 36-кІэ Франджым и пащтыхь гуащІу щыта **Австрийская Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 419-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ физик, химик, генераторыр къззыгупсыса, нэгъэзщІ къэхутэныгъэ куэд езыгъэкІыжа **Фарадей Майкл** къызэралъхурэ илъэс 229-рэ ирокъу.

♦Инджылыз теннисистка, цІыхубзхэм ящыщу Олимп Джэгухэм япэу щытекІуа **Купер Шарлоттэ** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.

♦Совет бзэщІэныгъэлІ, лексикограф, профессор, «Урысубзэм и псалъалъэр» къыддзэзыгъэкІа, урыс литературэбзэр кууэ зыджа **Ожегов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦«СССР-м егъэджэныгъэмкІэ и лэжьакІуэ нэхъыфІ» цІэр зыхуагъэфэща, педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм педагогикэ, социальнэ щІэныгъэхэмкІэ и академием, Дунейпсо Адыгэ академием я академик, Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием психологиемкІэ и институтым и лэжьакІуэ **Мамхэгъ Раисэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦США-м щыщ узрэджьыІакІуэ, актёр, режиссёр цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта **Рид Дин** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ **Голубкинэ Марие** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Бразилием щыщ футболист цІэрыІуэ, дуней псом и чемпион тІэунейрэ хъуа, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым щытекІуа, ЩІы хъурейм и футболист нэхъ Іэзэ дыдэу къалъыта **Рональдэ** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

ФокІадэм и 23, *бэрэжьей*

♦**Іэпэтэрмэшкіэ зэпсалъэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Къуэкіыпіэ Жыжьэм щагъэлъапІэ я къаплъэным и махуэр**

♦**Саид Хьэрыпым и къэрал махуэшхуэщ - пащтыхьыгъуэ щигъуэта махуэщ**. 1932 гъэм кІыдзкІащ «Хьэрып пащтыхьыгъуэм и щІыналъэхэр зэгуэгъэхьэжьным теухуауэ» унафэр. Абы ипкъ иткІэ къэралым Сауд Хьэрып пащтыхьыгъуэ цІэр игъуэтащ.

♦**Литвам щалэжьа щІэпхъаджагъэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ.** 1943 гъэм фашистхэм Вильнюс щыІэтрауакІуэ хуежьащ абы щыпсэу журтхэр. Абы дэса цІыхум мин 40-ри къанэ щІагъуэ щымыІэу хэкІуэдат.

♦**1846 гъэм** нэмыцэ астроном Галле Иоганн планетэщІэ къихутащ. ИужькІэ абы Нептун фІащащ.

♦**1848 гъэм** Америкэм щыщ Куртис Джон ягъэныщкІу сагъыз ищІауэ щытащ.

♦**1869 гъэм** Менделеев Дмитрий химие элементхэм я периодическэ законыр къызэІуихащ.

♦**1924 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэншагъэр щыгъэкІуэдыныгъэ комиссэ къызэрагъэпэщащ.

♦**1925 гъэм** къащтащ «СССР-м и дзэм Іэмал имыІэу къулыкъу щызыщІэн хуейхэм ятеухуауэ» законыр.

♦**1937 гъэм** Архангельскэ, Вологодскэ областхэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Полтавэ къалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1944 гъэм** Польшэм щыпсэу украинхэр а къэралым хъагъэІэпэхуэкІыу хуежьащ. Абы и жэуапу, Украинэм щыпсэу лыхьхэри ирахужьи щІадзащ. А Іуэхум егъэзыгъэ хамылъхьэну зэгурыІуами, апхуэдэу хъуакъым - а лъэхъэнэм я щхьэр Польшэм ирахуІауэ щытащ украин мин 600-м къыщыщІэдзауэ мелуаным нэс.

♦**1991 гъэм** Армением и Совет Нэхъыщхьэм и къэрал щхьэхуитыныгъэм теуха унафэ кІиущащ.

♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кІыдигъэкІащ Свердловск, Загорск къалэхэм нэхьапэм зэреджэу щыта цІэхэр яфІэщыжьыным теухуауэ. Ялэм Екатеринбург, етІуанэм Сергиев Посад цІэхэр ирагъэжащ.

♦**2000 гъэм** Тегенекли къуажэм къщыщІэзыІуахащ усакІуэ, актёр цІэрыІуэу щыта, 1966 гъэм Іуащхьэмахуэ лъапэ щытраха «Вертикаль» фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщІа Высоцкий Владимир и музей.

♦КЪР-м и цІыхубэ тхакІуэ, КЪР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тхьэгъэзит Зубер** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Урысей тхыдэдж, тхакІуэ, драматург **Радзинский Эдвард** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Австриием щыщ актрисэ **Шнайдер Роми** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Испаниием щыщ узрэджьыІакІуэ цІэрыІуэ **Иглесиас Хулио** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.**

● Лъэпкъ проектхэр

Сабийхэм - дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ

Ди республикэм и унафэщІхэм мыхьэнэшхуэ ират сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ епха Іуэхугъуэхэм. Абыхэм ятеухуа лъэпкъ проектхэр хъарзынэу щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым. КъытщІэхъуэ щІэблэм ехьэлІа гулъытэхэм ящыщ я узыншагъэр егъэфІэкІуэным, еджэным къыщыдэхуэ зэманыр сэбэныначъ иІэу, купщІэхэлъу щыкІуэхэм къагъэсэбэныным хуэгъэпсэхэр. Апхуэдэщ ныбжьыщІэхэм папщІэ джэгупІэ утыкуэхэр, спорт ут зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрэпэщыныр.

ТЭРЧ къалэм иджыблагъэ щызэфІахаха сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ къезыт апхуэдэ Іуэхугъуэхэр. Абыхэм папщІэ къалэм щаухуащ джэгупІэ хэхэкІ, зыхуей хуагъэззэжащ унэ зэтетхэм я пщІантІэхэм щыІэ сабий зэхуэсыпІэхэр. Тэрч и парк нэхъыщхьэм къыщызэІуаха сабий утыкуэхуэм хэтщ узыншагъэр езыгъэфІакІуэ, гимнастикэм и лІэужьыгъуэхэмкІэ Іэпкълъэпкъым зыщебгъэужьыф, спорт Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ кІызэгъэпэщащ щІыпІэхэри. Илъэси 7-12 ныбжьым итхэм папщІэ абы щагъэуващ дэпщеипІэхэр, тренажёрхэр, щІэзыІ баскетбол, теннис ущыджэгу хъуну пІанэпэхэри.

Къалащхьэм и Къэбэрдей эрамым, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щызэфІахащ апхуэдэ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр. Унэшхуэ зэхэтхэм кьедза пщІантІэхэм асфальтыщІэ тралъхьаш, лъэс лъагъуэхэр ягъэнаІуэу, апхуэдэу тетІысхьапІэ дахэхэр щагъэуващ. КъыкІэлъыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ щІэсхэм яхуэзащ.

Ахэр я къулыкъум теухуа гъэщІэгъуэн куэдым щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ, апхуэдэуи еджакІуэхэм я упщІэхэм жуэап иратащ.

Лъэныкъуэ ирагъэзакъым Хэку зауэшхуэм теухуа Іуэхугъуэхэри. Жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм нэхъыщІэхэм яуаІуэтэжащ Кавказыр, Іуащхьэмахуэ лъапэ нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэм зэрыщащхьумар, Курп лъагаІэхэм щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэхэр.

- Мыпхуэдэ зэІущІэхэр щхьэпэ хъунущ щІэблэм я къаухьым зиужьыным теухуауэ. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІэщ Хэку зауэшхуэм и зэманым лІыгъэ зезыхьахэр щІалэгъуалэм едгъэщІэным, абыхэм я фэеплъым пщІэ хуедгъэщІыным, едгъэхъумэным, - жиІащ Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм ведомствэм щымыщ и хъумакІуэхэм я батальоным и 4-нэ ротэм и унафэщІ, полицэм и подполковник Багъэтыр Эдуардэ.

Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэм къызэрэпэщакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ Іуэхугъуэ щхьэпэ къызэрызэрагъэпэщам щхьэкІэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

● Хъыбар гуапэ

Куэд дэмыкІыу псоми къытхуеблэгъэнущ «Аиссе» фильмыр

АР-м, КЪР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ и Іэдакъэ къыщІэкІа «Аиссе» тхыдэ романымкІэ траха художественнэ фильмыр хьэзыр хъуащ. Ар мазэрэ ныкъуэрэ дэкІмэ, утыку кърахьэнущ.

ФИЛЬМЫР Адыгэ Республикэм и бгыпІэ щІыпІэ дахэхэм, Санкт-Петербург къалэм щытрахащ, апхуэдэуи пычыгъуэ зыбжанэм Тыркумрэ Франджымрэ щелэжьащ.

Режиссёр нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, кинорежиссёр цІэрыІуэ Муратов Александрщ, сценарийр зытхар Сафинэ Маринэщ.

Роль нэхъыщхьэр Нарткъалэ къыщалъхуа, Москва дэт «Гоголь-центр» театрым и актрисэ Мамрэш Светланэ игъэзэщІащ. Абы нэмыщІ фильмым щыджэгуащ актёрхэу Драблов Евгений, Ермин Владимир, Добровольская Евгение, Лазарев Александр, Беляев Юрий, Ткаченко Артём сымэ, нэгъуэщІхэри.

Аиссе и сабиигъуэ ролыр зыгъэзэщІар Адыгэ Республикэм щыщ пщащэ цІыкІу Екъулі Даянэщ. Абы и адэшхуэ-анэшхуэу джэгуащ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист Зыхьэ Заурбий Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артисткэ Уджьхъу Маритрэ. Къищынэмыщ Іауэ, фильмым хэтащ Адыгэйм и лъэпкъ театрым и актёрхэмрэ «Налмэс» къэрал ансамблым и къэфакІуэхэмрэ.

Фильмым продюсер нэхъыщхьэ хуэхъуащ Адыгэйм и етІуанэ президенту щыта Щэумэн Хьэзрэт, абы доллар мелуан хухихащ «Аиссер» техыным.

Мэшбащ Іэ Исхьэкъ къызэрыджиІамкІэ, и Іэдакъэщ Іэкі романыр апэу экранымкІэ щалъагъунущ Адыгэйм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ. Премьерэ нэжьым, фильмыр Урысейм и кинотеатр псоми яІэрыхьэнущ, уеблэмэ къыщІэупщІа телеканалхэри щыІэщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дерс щхьэпэхэр щІыналъэм щрагъэкІуэкІ

Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм ведомствэм щымыщ и хъумакІуэхэмрэ «Патриот», «Боевое братство» жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэр я гъусэу иджыблагъэ лІыхъужьныгъэм и дерсхэр («Хахуэу хэкІуэдахэм я фэеплъым хуэфащэу» фІэщыгъэр иІэу) студентхэм драгъэкІуэкІащ.

ІЭЩІАГЪЭПІЭХЭР япэу зыхуеблэгъар Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и институтым щеджэхэрщ. КъыкІэлъыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ щІэсхэм яхуэзащ.

Ахэр я къулыкъум теухуа гъэщІэгъуэн куэдым щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ, апхуэдэуи еджакІуэхэм я упщІэхэм жуэап иратащ.

Лъэныкъуэ ирагъэзакъым Хэку зауэшхуэм теухуа Іуэхугъуэхэри. Жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм нэхъыщІэхэм яуаІуэтэжащ Кавказыр, Іуащхьэмахуэ лъапэ нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэм зэрыщащхьумар, Курп лъагаІэхэм щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узэрымытым зумыгъэфІыкІ.

75

Хэку зауэшхуэм теухуауэ иджыри зэ

Дэ дигу тедгъахуэ хъунукъым ар зэрекIуэкIамрэ абы кърикIуахэмрэ нэмыкIыгъэкIэ зэзыхьэкIыну хущIэкъуэкр кIуэ пэтми нэхъ тегушхуауэ утыку къыздрихьэр.

Псори къыщежьар

Ар телъыджэщ, ауэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къызэрыхьеямкIэ Гитлер хуэдэ дыдэу Сталинри къуаншэу КъухьэпIэм къыщыщIрагъэдз. Абы щыгъуэми ар жызыIэр политик жьгъейхэм, зи псалъэм зыри къимыкIхэм я закъуэкъым: абыхэм яхэтщ къулыкъущIэшхуэхэри къэрал унафэ зыIэщIэлъхэри. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIэныгъэ зыбгъэдэлъхэщ, пэжым щымыгъуаз эхкIэ Iэмал зимыIэхэщ.

Апхуэдэу щыщыткIэ Молотовымрэ Риббентропрэ зращIыпIа пактыр ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къызэрыхьеямкIэ щIэныгъэ зыкъэлъытэнымк теухуауэ Евросоюзым къыщта унафэр зрагъэжьнаджагъэм тещIыхьа политикэ гъущIэщ. Абы зы псалъи пэжу хэткъым. Псори зыхуэгъэзари, иджыри къытедгъэзэжынщи, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къызэрыхьеямкIэ къуаншэу Ещанэ рейхым и мызакъуэу, СССР-ри (иджы абы хуитныгъэкIэ и пIэ иува Урысейри) къыщIрагъэдзэнырщ.

Уеблэмэ, «зауэ щIыIэм» и гъащIэгъуэми - илъэс 40-50 ипэкIэ - зыри тегушхуэфынутэкIым апхуэдэпцI иупсыну. АтIэ иджы щхьэ яхуэзфIэкIрэ? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а Iэмалыр езытар Горбачёв Михаил властыр IэщIыхьа иужь СССР-м щрагъэкIуэкIыну щIадза делагъэ политикэрщ, нэхъ щхьэтечу жыпIэмэ, нахуагъэм (гласностым) и гъэгу ар зытеуварщ. Дауи, езы нахуагъэм лажьэ итэкъым икIи ар гъуэгэджэщ: сыт щыIэ нэхъыфI къэралымрэ дунеймрэ щекIуэкIхэр хуиту къэпIуэтэфынымкIэ? АрщхьэкIэ мыгувэу ящыгъупщащ нахуагъэм пэжыр и лъабжьэ щытын зэрыхуейр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, щIихуэм ебгъэгъэщIагъэн мурадкIэ щIадзэ щымыIакIэ зэпхуэкI, уи тхыдэр хэбутэ зэрымыхъунур. Зи жьэр хуит хъуахэм ди блэкIар хьэм ирагъэхьыр, дызыщIапIыкIа лъапIэныгъэхэр ягъэпуд ыр. Дэ дризэгуэпрт Хэку зауэшхуэм и зэманым Талалихин Виктор езым и къухьлъатэр биим ейм жьэхигъауэу Москва и щыгум къызэрыщриудыхар пцIыуэ къызэрыщIрагъэдзым. КъызэрыщIэкIамкIэ, Гастеллэ Николай мафIэ зыщIэна и къухьлъатэр дагъэ гъэсын зышэ мафIэгум хуигъазэу къыгъэуауэ аратэкъым, атIэ техуа къудейт. Е Матросов Александр ди зауэлIхэр къэзыукI дзотым зыIуидзатэкъым - лъэпрапэри... теджэлат. «Партизанка Таня» (Космодемьянская Зое зи фIэщыгъэцIэр) хьыжьэу, и акъыл зэтемысу щытауэ ягъэIуат. Властхэм апхуэдэ «къохутэныгъэхэр» яфIэфIыпсу даIыгъ. Апхуэдэ щыкIэкIэ дунейм къытехьащ Молотовымрэ Риббентропрэ «КъуэкIыпIэ Европэр» Совет Союзымрэ Германиемрэ зэхуагуэшыным теухуауэ Iэ зыщIадза пактыр мызаохуагъэу кIыльытэу СССР-м и ЦIыхубэ депутатхэм 1989 гъэм къащта унафэр. Зэрытлъагъущи, псори къыщежьар ди дежщ, Евросоюзым ар къигъэсэбэн къудейщ.

ТIэкIу гуваи, жэуапынщэу къигъэнакъым: Къэрал Думэм къыщыхалъхьащ а пактым теухуауэ зи гущы тIыс съэздым къыщта унафэр якъутэжыну хэзыгъэуэ дэфтэр. КIэщIу икIи пыухыкIауэ - ди къэралым бгъэдэлъхьым зым и пащхьи зыщIыщигъэзэхуэжьын хуей къуаншагъэ. Щхьэусыгъуэр къыщыпыхьуэн хуейр нэгъуэщ щыпIэщ.

Мюнхен и ныбжь бзаджэр

ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къызытехьеикIар ззэзыгъэщIэну хущIэкъуэхр (ар пэжу щытщ) псом япэу зэпIэн хуейр 1938 гъэм Германием, Италием, Инджылызым, Франджым, Мюнхен щызращIыпIа зэгурыIуэныгъэхр. Абы Чехословакием хуигъэувaщ езым и щIыналъэм щыщ Судетхэр нэмыцкэхэм яритыну. Ар Iэрыхьэ иужьщ Гитлер дивизие куэд къызэригъэпэщыну Iэмал щигъуэтар икIи ар Польшэм и мызакъуэу, езы Инджылызым Франджым япэщIэувэну тезыгъэгушхуар. Абы и пэкIэ Рейхым и генералхэм къалыытэрт Германиер мызэуэфыну: гъэсыныпхъэмрэ къэралым щащI Iэщхэмрэ кьемэщIэкIыр.

Мюнхен щызращIыпIа зэгурыIуэныгъэм езым и щIыналъэм щыщ нацистхэм яритыну нахуэу икIи ехьэкI хэмылъу ирихуIащ. Молотовымрэ Риббентропрэ я пактым пыухыкIауэ зыри къыщыгъэлъэгъуакъым - абы апхуэдэ Iуэху гуэри зриухэрэкъым: зэныбжьэгъу зэхущытыкIэхэр зэхуэIэным теухуа псалъэ тарэфхэрэ защIэщ. США-м тхыдэм ухигъэгъуаззу къыщыдэкI тхылъхэм Iыхьэшхэу щыубыд Мюнхен, ауэ пактым щыхухахьу сатыр-сатыритI къудейщ. Абы къегъэлъагъуэ иужьрейр ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къыщIэхъуэ щызэгъуэгъуэ жыпIэнымрэ американкэми нэгъуэщI къэрал Iэщ IагъэлIхэми шыпсэу, дыхьэшхэну къызэралытэр.

ЩыдгъужьыкI хуейщ а пактыр кIаГъэсэбэну пЪэныкъуитIым Польшэр зэхуагуэша, СССР-м Прибалтикэм и къэралхэр иубыда хуэдэу иджы ягъэIуэхри зэрыпЪабжьэнщэ дыдэр. Совет Союзыр зыкIи хуэныкъуэтэкъым узэхъуэпсэн гуэри зыдэщымыIэ а щIыпIэхэм, щIыуэпс къуеиргъэхэм хузжейхэм. Сыт атIэ щIызэхигъэхьар? Ар къызыхэкIар гурыIуэгъуэщ: зи шыгагъэныпIэ ЖКВД-м и Iэтащхьэ Берие Лаврентий и Iуэхущхьэу бийр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ жьыжэ IуигъэкIуэтыным. ЕтIуанэрауэ, Къухьэпи Украинэмрэ Къухьэпи Белоруссиемрэ Польшэм хэзыгъэхьар зэрыпхъэнигъэ лэпныкэрт, нэхъапэм ахэр абы зэи щыщатэкъым. Прибалтикэм и гугъу пщIымэ, къэралищми - Латвиеми, Литвами, Эстониеми - я парламентхэм Iэ1эткIэ унафэ къыщащтат СССР-м къыхьхэну уи хуейуэ. Зэрытлъагъущи, Iуэхум зэлымыгъэ гуэри хэлъакъым.

ЖьитIэнщи, совет-фин зауэри къызытехьеикIар ди къэралым и Iуэпапкъэр игъэбыдэн зэрыхуейрт - пащтыхьым и зэманми гурыIуэгъуэ зэгуэр Финляндиер щхьэхуэ зэрыхьунур. Генералхэм Николай ЕтIуанэм жраIащ ар хэкIми, Ханко хитIыгу ныкъуэр фIэкIыпIэ имыIэу Урысейм къыхуэнэн зэрыхуейр - арыншамэ, Петербург Балтикэ тенджызыкIэ дэтхэнэ биймк хуэзэуха хъурт. АрщхьэкIэ къыфIыуэхуаакъым, Финляндиери щхьэхуэ хъуащ а хитIыгу ныкъуэр зэдихри. ЛъэныкъуитIыр зззэуа иужь СССР-м Ханко и ипщэ лъэныкъуэр илъэс 30-кIэ къыИихащ тенджызы базэ ирищIыхьын папщIэ.

Совет Союзыр Европэ псор зэкIэлъыкIуэу зыубыд Рейхым и пащхьэм и закъуэу къинат, ар къызэрытелъытэ. Мыр а пIалъэр игъэIэпхъуэн мурадырт зытещIыхьар мыгъуэр зи мыгъуа пактри. СССР-р зауэм хуэхъэзырт зэкIэм. Ар зэман хуейт жьы хъуа и дзэ техникэр Iэщэ лIэужьыгъуэщIэхэмкIэ зрихъуэкIын папщIэ. Зыр адрейм темыуэным теухуауэ Гитлер иращIыпIа зэгурыIуэныгъэр тхылъымпIэ къудейуэ зэрыщытыр фIыуэ къагурыIуэрт, абы зэман къыкъдигъэхуами, хунэсакъым, хуримыкъуар мазэ бжьыгъэщ.

1941 гъэ. Берлин и уэздыгъэхэр

Германиер ди къэралым къытеуэхуакIэ Сталин Иосиф щыгугъащ зауэр щыщIидзэну пIалъэр игъэIэпхъуэфынуну. Нэхъыбэщ зытрищIыхьри рейхым фронтитI хуэздэмыхьыну къызэрыльытэрт. АрщхьэкIэ инджылызэмрэ нэмыцкэхэмрэ зэрызэпэщIэтышхэу щыIэтэкъым. Я кхъухьлъатэхэр къару мащIэкIэ уэгум щызззауэрт, рейхыр жьжьэрыуэ топхэмкIэ Великобританиеи и Iуфэхэм еуэрт, арщхьэкIэ Ланманш зэпрыкIыну зигъэхьэзыртэкъым. Абы хъыдзэкIуэу ныбжьэгъуитэ къым. Абы хъыдзэкIуэу ныбжьэгъуитэ нацистхэм яритыну нахуэу икIи ехьэкI хэмылъу ирихуIащ. Молотовымрэ Риббентропрэ зэрыщIэжъуэнышхуэ къыхуэхъуащ уащхъуэдэмыщхъуэу къызэрыдгъэзырыкIуари Къухьэпи дзэ округым и унафэщI генерал Павловым и гудзакъэншагъэри (зауэм щIидза иужь ар Москва ираджэри трибуналым и унафэкIэ яуклащ).

Сыт хуэдэу щымытами, 1941 гъэм мэкъуаугъэуэм и 22-м и нэхущым бий бзаджэр дивизие 600-м щIигъукIэ СССР-м и гуэнапкъэхэм къыщеуащ Тенджызы ФIыцIэм къыщыщIэдзауэ Баренц тенджызым нэсыху. Удын нэхъыщхьэр къыщридзари, зэрагугъэм хуэдэу, Украинэраксым, атIэ Белоруссием и щIыналъэрщ. Дэ ди къарухэм я нэхъыбэр Днепр и щыбкIэ къухьэпIэ гъунапкъэхэм я бжьыгъэщIэгъэуIуат: зыри пэплъатэкъым нацистхэр шэдыльэ щIыпIэхэмкIэ къызэрыкIыну. Апхуэдэ щытыкIэм къихута ди зауэлIхэр зэрыгъэгушхеяуэ. ГъэщIэгъэнщ, ауэ нэхъ хуэхъэзыру бийм пэувыфар НКВД-м и Iэтащхьэ Берие Лаврентий и IуэхущIапIэм хьыкъ гъунапкъэхэрщ. Брест быдапIэм и щапхъэр урикъунщ.

АрщхьэкIэ къарухэр зэхуэдэтэкъым. Бадзэуэгъуэм и зэхуэдитым бийм иубыдащ Витебск кьалэр. Ди зауэлI куэд къаухъуреихьащ. Нацистхэм я штаб нэхъыщхьэм и унафэщI Гольдер Гитлер иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIащ тхьэмахуэ зэхуэакуитIым къриубыдэу Германиер Совет Союзым текIуауэ: абы къыпылъэт вермахтыр иджы зыми къимыгъэувыIэфыну.

ИкIи, пэжу, щытыкIэр хуабжьу хэплъэгъуэ хъуат. Иджы абы теухуауэ ятхэр зэтехуэркъым. ЯзыныкъуэхэмкIэ къэхуа псомкIи ягъэкъуаншэ Сталинры. Хэбгъэзыхьмэ, жызыIэ щыIэщ зауэм щIидза иужь гужьея вождыр махуищкIэ зигъэпщкIуу лажьэпIэм емылъэIапIэу. А пцIыр япэу зыутыпщар Хрущёв Никитэщ: «Микоянрэ сэрэ абы и деж дыщыкIуам ар япэщIыкIэ шынат дгъэтIысыну дыхуэкIуа и гугъэу: апхуэдизу гужьеят». Ар пцIы куэдей мыхъуу икIи дыхьэшэнщ. Япэрауэ, псори зыифэIыкI Сталиныр езым ажэгъафэ пэпльэтэу иIам щышынаэу уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым. ЕтIуанэрауэ, Хрущёви Микоян зи кьарузехьэ Iэнатlэ пэрытакъым ар яубыдыфын хуэдэу. Iуэхум хэзыщIыкIхэр, псальэм и хьэпшIкIэ, Маршал Будённый, щыхьэт зэрытехьауаци, зауэм щыщIидза махуэм щегъэжьауэ ар ихуихуу и лэжьыгъэр зы сыхьэти зэпигъэуакъым: дззэешэхэр абы и деж псалъэ хъурт махуи жэщи. Тимошенкэ тригъэкIри, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и цIыхубэ комиссарым и къулыкъуи езым къызыхуигъэнащ унафэ псори зы цIыхум зригъэкIуэн хуейуэ кьилъытэрт. ЩIыуагъэхэр яIэщIэкIами, ар тэмэму ина лъэбакъуэт, ар гъащIэми кьигъэльэгъащ.

Фашистхэр лъэныкъуэ псомкIи - ищхьэми, икуми, ищIагъми - къыщегъэпрыкIуэрт. ЕпIэщIэкIыу пэщIагъэуэ ди дзэхэр абыхэм япэлъэщыр-тэкъым. Вязмэ «котёлу» тхыдэм хьихьам ди цIыхухэр игъэгулэзащ: зэуэ мин 500-м щIигъу мафIэм и куэм къыхэхутат. Абы нэхъри нэхъ хэплъэгъуэ IуэкIи ирихьэкIи ди къэралым къыщIихъуакъым Хэку зауэшхуэр иухыху. Уеблэмэ, Сталиным и унафэкIэ комиссэ къызэрагъэпэщащ ар къызыхэкIар зригъэщIэну. Къуаншэри къагъуэтащ. Ар Къухьэпи фронтым и Iэтащхьэ Конев Иван. Комиссэм и унафэщI, ЗыхъумэжьныгъэмкIэ комитетым хэт Молотов Вячеслав генералыр трибуналым ираты ткIийуэ къиГъэувэрт, ар зыкъуанщэу абы и пIэкIэ а фронтым и унафэщIу ягъэува Жуков Георгий жиIэми. Щымыхъуэм и иужьрейр Сталиным и деж псалъэщ, Iуэхур зыIутыр гуригъаIуэри, елъэIуащ Коневыр езым и куэдзэу къыгъэнэну. «Нэхъ тэмэму къызэрыплъэтэм хуэдэу щы», - арэзы хъуащ Нэхъыщхьэ дыдэр. Апхуэдэ щыкIэкIэ Коневыр кьелащ (трибуналым Iэщ Iыхьэмэ, ар яукIынут), комиссэм и лэжьыгъэри иухащ.

Ауэ абы щытыкIэр нэхъыфI ищIыртэкъым. Вязьмэ иужькIэ нэмыцкэхэр Москва гъунэгъу хэзыхуащ. Япэ фашист бомбэр щыхьэрым щырадзыхащ бадзэуэгъуэ мазэм и кум. Бийм и кхъухьлъатэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэрэ къалащхьэм щхьэщыхьэрт. АрщхьэкIэ лажьэшхуэ ямыIэу, бомбэхэр зытращIэщэща нэгъуэщIхэм епльытмэ, къызэтенащ, ущгур зыхъумэжьэм я фIы-гъэкIэ. Ахэр псэемыблэжт, дэтхэнэри хьэзырт и хэкум папщIэ и гъащIэр итыну. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа Талалихин Виктор и шэхэр щичым и машинэр нацист кхъухьлъатэм жьэхигъэуащ. Апхуэдэхэм и деж псэууэ укъелынкIэ гугъапIэ гуэри щыIэкъым, ауэ, и насыпым кьихьри, кьелащ парашюткIэ кьелъэри. Езым зэрыжиIэжамкIэ, апхуэдэ псэзэпылъхьэлIэм щыхуэкIуэм зэгупсысар зыщ: «Сэ сыкъемылъми, бий кхъухьлъатэм и нэмыцIиплIри хэкIуэдэнущ. Аращи, сатекIуэнущ». ЛыгIэм и щапхъэхэр кIэ зимыIэм хуэдэу гъунэжщ.

АрщхьэкIэ нэмыцхэм жэуап гуэр иратын хуейт. Абы гушхуэныгъэ къахилъхьэжынут «къуанщIэ фIыцIэхэм» ягъэшына москвадэсхэм. «Берлин еуэн» - ар япэу зигу къэкIам теухуауэ тхыдэджхэм жаIэжэр зэтехуэрхъым, ауэ ар икIи Iуэхукъым. Совет авиацэм и унафэщI Кузнецов хуабжьу диныгъащ а гупсысэр. Кхъухьлъатэхэр зытелъэтыкIыну щIыпIэри къахуигъэщат: Ищхьэрэ тенджызым хэт хьтIыгум щыIэ аэродромыр. Адрейхэм тет кхъухьлъатэхэр фашист къалащхьэм нэсыфынутэкъым. Сталин Иосиф Iэ зыщIидза унафэр авиадивизием и Iэтащхьэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Водопьяновым и нагъэсащ. Абы къигъэвыт Берлин, ар яхуэзфIэмыкIмэ Кёнигсберг (иджы Калининград - ред.), бомбэхэр щрадзыхыну. Пэжщ, унафэ пщIыну куэдкIэ нэхъ тыншт ар бгъэзэщIэн нэхърэ. Ауэ дзрэжэгъуэшхуэ яхэлъу Iуэхум яужь ихьащ: аэродромыр зыхуеину пщащIъэхэм ирагъэзэгъащ. Мыгувэу абы зэкIэлъэхьэжьу тельэтыкIащ бомбэзэкъэ хьэлъэхэу 15. ЩIуэгъуанэр кIыхьым и закъуэтэкъым, атIэ егъэлеяуи дзыхьщIыгъэджэт - щIалэхэм лъэпощхьэпо куэд къапэпльащ. Ярэ ПВО-м зигъэхьеякъым: нэмыцхэм ягугъащ пщэрылъ щащIаХэр ягъэззэщIа иужь езыхэм я кхъухьлъатэхэм къагъэззжыну. Бомбэзэкъэхэр километри 7 и лъагэныу кIуэрт. Ар шынагъэншэт, ауэ градус 40-м нэс щIылъэм игъэдыкъырт. Хуабэу хуэупсами, сыхьэт бжьыгъэкIэ абы ухэтыныр уи фэм дэмыкуэн хуэдизт.

ИкIи мис къалъэгъуащ Берлин и уэздыгъэхэр. Жэщыр хэкIэсат. Иужьрей трамвайхэр, гува лъэсырыкIуэхэр я хэщIапIэхэм хуэпIащIэрт. Дакьикъэ зыбжанэ дэмыкIыу къалэр щIыпIэщIыпIэхэм къыщIэщIэлыдащ. Фашистхэм я щIыхьэрыгъэзэджащ километрми 100 зи хьэлъагъ бомбэ зэщIэфиехэм. Сталиным и жьIэр ягъэзэрагъэкIэ къыздэсащ ар фIэсыкушхуэ къэзыгъэхъуэжу щытыкIэр нэхъри гужьеигъуэ ящIащ. Ар апхуэдизкIэ зыпэмыпльати, нэмыщхэм зэуэ зыкъыщIожакъым. Ауэ кхъухьлъатэ къащIыгурыIуэм сиренэхэр зэщIэгъуэхъуащ, прожекторхэм уэгу кIыфIыр щIащIыкIыу щIадзащ, кхъухьлъатэхэм заIэтащ, зенитхэхэр, топхэр дэуейрт нэуфIыщIыхьэрыуэу. Ауэ ахэр километри 7 зи лъагагъэу кIуэ бомбэзэкъэхэм ялъэIэсыфыртэкъым: апхуэдизу зи щхьэ щытхъуэ нацистхэм я прожекторхэр зэрыдзэплъеифыр километритухкIэт.

Къэхъуар фашист Германием и дежкIэ напэтехт: зэхикъутакIэу жыхуиIэ къэралым езым и къалащхьэм бомбэхэр кьыдедзэ! АрщхьэкIэ напэм емылIалIэ ... и пропагандэм хэкIыпIэ кьигъэутащ. Абы ягъэIуащ мыпхуэдэ хьыбар: «ДыгъуасэиI и жащщ Берлин къыщхьэщыхьащ инджылызэ къухьлъатэхэр зытелъэтыкI аэродромыр бийм зэтрикъутэку апхуэдэ щыкIэкIэ бомбэ тоннищэхэр нацистхэм я гъуэм ирадзащ. Зауэм и екIуэкIыкIэм ижь щIимыхуми, ар екъулIэныгъэшхуэт. НэгъуэщI Iуэхущ адрей Iэнатlэхэм щахуэзфIэкIар. Абыхэм ящыщщ «рельс зауэкIэ» зэджэр.

ХэщIныгъэ хьэлъэ иратырт зэрыпхъуэкIуэхэм яубыда щIыпIэ куэдым къыщызэрагъэпэща партизан отрядхэм, диверсие зылэжь гупхэм. Абыхэм бийм и хэщIапIэхэр, фронтым кIуэ мафIэгуэхэр къагъауэрт. А псоми куэд трахтыхьащ, дэ нэхъ зи гугъу тщIынур тхыдэджхэми журналистхэми нэхъ мащIэрэ фIэкIа къамыIэта Iуэхуэрщ. Мис абыхэм ящыщ зы.

«Урыс спецназым и адэшхуэу» къалъытэ Старинов Илья Испаниием щекIуэкIа граждан зауэм зыкъыщигъэльэгъуат диверсие Iуэхум куу дыдэу хэзыщIыкI цIыхуу. Абы и жьым щIэту ягъэтIылъа лагъымхэмкIэ хьэбэсабэу зэхакъутат урым дивизием и штабыр зэрыса мафIэгур. Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащыну тхылъхэр ягъэжьазыраузэ 1937 гъэм къигъэзжат, ауэ абы и пIэкIэ пцIы къытралъхьэри зэхэзехуэн ящIащ, ягъэтIысащ. Стариновыр къезыгъэлар Ворошиловыщ. Абы а зэманым НКВД-м и Iэтащхьэу щыта Ежов хуигъэуващ орденэхьэм и гугъу ямыщIыну. Полковник цIэр фIащри, Стариновыр РККА-м и щIэныгъэ-къэхутакIуэ гъущI гъэзэгу полигон нэхъыщхьэм и унафэщIу ягъэуващ. Абдежи къыщигупсысащ «къыпхущIэмых лагъымхэр - къыщагъэуэну пIалъэр ягъэIэпхъуэ хьэхэр». Ар щэнейрэ Совет Союзым и ЛIыхъужь, апхуэдизу дыдэри генерал ящIыну къагъэльэгъуат, арщхьэкIэ сыт щыгъуи щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ къызэпыуда хьуащ.

Стариновыр псом хуэмыдэу цIэрыIуэ зыщIар генерал-лейтенант Георг фон Браун я пашэу фашистхэм я 53-нэ дивизием и унафэщI псори 1941 гъэм Харьков зэрыщызэтриукIарщ. Генералым увыIэпIэ ищIат а къаланэм и уэн нэхъ дахэ дыдэр, зэгуэр Хрущёв Никитэ зы зыщылажьэу щытар. Ауэ къагурыIуэрт ди дзэхэр щикIуэтым зэрыпхъуакIуэхэм я нэ къыфIэнэну псори лагъымкIэ къызэрагъэтIылъыхьар. А лажьыгъэр ирагъэкIуэкIат езы Стариновым и унафэм щIэту. Апхуэдэуи хъуащ: Дзержинскэм и уэрамым тет а уэн дагъуэм сапёрхэм къыщагъэтащ псори зэхэту тротил килограми 150-рэ. Я екъуIэныгъэм нэмыцхэр апхуэдизкIэ игъэгушхуати, абыхэм директивэ щхьэхуэ къыдагъэкIащ мы псалъэхэр иту: «Полковник Стариновым «къыпхущIэмых» и лагъымхэр нэпцIу кьыщIэкIащ. Вермахтым и сапёр гъуэзэджэхэм, уеблэмэ, Iэмэпсымэ гуэри къагъэсэбэпын хуей хуэакъым IэмыкIуэпIэмыкIуэ ягъэувахэр я къагъэтын папщIэ». Директивэр къыщыдэкIар 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-рщ, ауэ щэкIуэгъуэм и 14-м уэн зыбжанэ зэтезыгъэщэха лагъымхэр Харьков кьыщыуад. Абыхэм хэкIуэдащ фон Браун и деж банкетым щызэхуэса офицер псори - къанэ щымыIэу дивизием и унафэщIхэр.

КъызэрыщIэкIамкIэ, «вермахтым и сапёр гъуэзэджэхэм» къагъэтар кьызэрагъэпэщIэ кьунтх кьудейрт, адрейхэр кууэ щIэуфат. Ахэр Воронеж щыIэ радиодетонаторымкIэ къагъэуащ.

Хэку зауэшхуэм и япэ илъэсхэм СССР-м кьеХъулIаХэм ящыщщ Инджылызыр и гъусэу Ираным егъэщIыпIа Iуэхур зэрызэфIагъэкIар. Фашистхэр щIыналъэм псынщIэу кьыкIуэцIрыкIыу хуежьа иужь, а къэралым и пащтыхь Реза Пехлеви Гитлер и деж кIэ епльэкI хьэат. Тегеран куэду кIуэрт нэмыщэ хьэрычэтыщIэхэр, абы щызэуэрт абверым и тIасхъэщIэххэр. Нэщэнэ псоми кьыбжьаIэрт нацистхэм Ираныр зыIэрагъэхьэну зэрызагъэхьэзырыр. Ар егъэлеяуэ шынагъэт Совет Союзми Великобританиеми я деждI: итIанэ Ираным и лъэныкъуэмкIэ кьикIыу Кавказми а зэманым инджылыз колониеу щыта Индием и гъунапкъэхэми ялъэIэсыфынут. Ар кьэбгъэхъункIэ Iэмал зимыIэт. Москваръ Лондонрэ нотэхэмкIэ мызэ-мытIэу Тееран зыхуагъэзащ ар зэрыхуямыдэнур гурагъаIуэу, ауэ ахэр жэуапынщэу кьэнащ. Апхуэдэу щыхъум Кавказым ираша совет дивизиеу 15-рэ инджылызэ дивизиеу 4-рэ танкхэмкIэ Ираным и щIыналъэм кIуэщIрыкIащ кьыпэрыуэшхуэ щымыIэу. Реза Пехлеви езым и пIэкIэ и къуэр къигъанэри къэралым икIащ, Ираным и щIыналъэр Iыхьитlу зэхуагуэшащ, Гитлери пыкIащ ар иубыдыну иIа мурадым. Иджы ар зыхуIэкIэхуар СССР-м и къалащхьитIыр - Москварэ Ленинградрэ - зэрипхъуэнырт. Япэу гузэвэгъэр лъэIэсащ ищхьэрэ щыкъэрым: щыщхьэуIуэм бийм хуэзфIэкIащ ар къиухъуреихьын, ауэ дыкъэфакъым. Ди зауэлIхэм, «революцэм и гущэр» псэемыблэжу яхъуэмэрт. Нэмыцхэр хэтащ Совет Союзым гужьгъэжьгъ бзаджэ къыхуэзIэ Финляндиер зыдигъэIэпыкъуну, уеблэмэ, финхэм хуагъэлъагъуэрт щебгъэрыкIуэну щыIэпIэр - Карелие Зэпырыкlыпlэр. Мыбдеж мыхьэнэ и зиIа къалэн щагъэззэщIащ ди тIасхъэщIэхэм: абыхэм фашистхэм хуаIуэхурт Ленинград нобэ-пщдей зитыну, афIэкIа зимыхъумэжьфыну, финхэр ягъэшынэрт щебгъэрыкIуэну хухаха щыпIэм Советхэм къаруушхуэ щызэщIагъэуIуауэ жраIэурэ. Мис апхуэдэ «джэгухэр» сэбэпышхуэ хъуащ: хэщIныгъэ хьэлъэхэр ягъэутыну зи фIэщ хъуа финхэр тегушхуакъым Ленинград ебгъэрыкIуэну. Гитлери елIэ-лIэжакъым ахэр кьигъэдэIуэным, абы и пIэкIэ унафэ ищIащ генерал-полковник Пётр Эрш и 4-нэ танк армэр арынщами «зи псэр хэкI» Ленинград кьытричу Москва и лъапэм игъэIэпхъуэну. Ар къэсыным пэпльэу тIысыжащ Москва ебгъэрыкIуэ «Центр» дзэ гупыр. 1941 гъэм Япониер СССР-м и бий зауэм зэрыхэмыкIынум теухуауэ ди тIасхъэщIэх гъуэзджэ Рихард Зорге кьыбгъэдэкIа хьыбарыр и тегъэщIапIэу Сталиным ар жьыдэхуп1эу ирикъуащ. Къэзыкlыпlэ Жьыкъэм щыIэ ди дивизэм зыкъом къришын папщIэ.

Адэкlэ къэхъуам дэ щыщIыгъэззщ. Ленинград къыззращтэну харуф фашистхэм яхурикъужакъым. Абы хуэзфIэкIар ар блокадэм щIигъэтынущ. Къалэм щыпсэуэхэр а гъэунэхуныгъэ хьэлъэм кьикIащ лIыгъэшхуэ яхэлъу икIи я напэр зытрамыхьжу.

Москва и деж Iуэхур зэрыщыщытыр нэгъуэщIущ. Бжьыкъэм и пэщIадзэм ирихьэлIэу бийм иубыдакIэт щыхэрым и гъунэгъу кьалэ, кьуаажэ куэд. Европей политикхэм щэч кьытрахьэжыртэкъым нэмыцхэм ар кьиззращтэнум, зэрызэтемыхуэр ар кьыщыхуну жьыхуаIэ зэманымкIэт: ящыкъуэхэм зы мазэ жаIэрт, адрейхэм апхуэдизи иратыртэкъым.

КIуэтэжкIэ щытыкIэр нэхъри зэщIапIъэрт. Радиом къитхэм я уагъэгузавэрт. Фашистхэм Можайск и пIэныкъуэмкIэ фронтыр кьызэрызэпратхъам теуха хъыбарыр кьызэрыIуу кьалэдзэсхэр хьэжэпхъажэ хуэщ. СССР-м и лъэпкъ псоми ящыщ зауэлIхэм lыр кьапыжу Москва щахъуэмэ зэманым абы щыпсэуэхэр кьэдзыхащ. Япэу «щапхъэ» зыгъэлъэгъуар фабрикэхэм я унафэщIхэрщ. Езыхэм я Iуэхущ1апIэхэм я автомашинэхэм я унагъуэзэгу ирагъэтIысхьащ, унэпъащIэ, алэрыбгъу хуэдэхэр иралъхьэри, ахэр зэрехьэжьащ. Жэпэуэгъуэм и 16-р щыкъэрым и тхыдэм «махуэ фIыцIэу», «напэтех махуэу» хьыкащ. Прокуратурэм иужьым къызэрихутамкIэ, а махуэмрэ къыкIэлъыкIуэмрэ унафащI лэжьакIуэхэу 780-м нэблагъэм псори зэхэту сом мелардрэ мелуан 500-рэ зэкIэщIаупщIэри ежьэжащ, автомобиль псыщIэхэу, къэлъэшэщхэу 100-м хуэдизымкIэ. Сыт щыгъуи хуэдэу «къыхэжаныкIахэм» яхэтащ парт, совет къулыкъущIэхэр. Парт билетхэу 1551-рэ ягъэсыжауэ къахутащ. КIэрыгъТIыпIуу уэрамхэм къыдэна цIыхухэм мылъкур зрапхъэу щIадзащ. ЩIэпхъаджащIэ хуэмэжбжьымэхэм тыкуэнхэр, псом япэу дыщэжкIэхэр зыщIэлъэхэр яхъунщIэрт. Абыхэм ящыщ зыр зыбудащ сабий къыззыращэкI гу цIыкIыкIэ дыщэжмрэ налкIутэхэмрэ яIуэрт.

Ауэ апхуэдэу зэрыщытар махуитI къудейкIэщ. Сталиныр Москва дэкIакъым, абы кьалэдзэсхэр кьигъэгушхуэжащ. РадиокIэ кьэпсэлъащ Жуков Георгий. Макъ быдэкIэ абы жиIащ Москва зауэ щытыкIэ зэрыщагъэувыр икIи абы кьыщыгъэлъэгъуа хабзэ ткIийхэм псори текI имыIэу тетын зэрыхуейр, апхуэдэуи кьагуригъэIуащ Совет Союзым и щыхэрыр зэрыра-мытынур. Москва и дэкIыпIэ псори зэхуащIащ. Махуитl нэхъ дэмыкIыу цIыхухэр зэтесабырэжащ.

Совет лъэхэзэнэм кьалащхьэм щыпсэуэхэр зымыгъэдахэ мы Iуэхур щIэуфат. Сыт атIэ ар иджы дигу кьыщIэдгъэкIыжыр? ЩытыкIэр Москва и мызакъуэу, кьэрал псом и деждкIи гужьеигъуэу зэрыщытар кьридгъэлъэгъуэн кьудей щхьэкIэщ. ЖьитIэнщи, хьэгъапхъэкIэ хьэжьвакъэжьышхэмрэ хъгъэкъэбзыкIа иужь, кьалащхьэм щыпсэуэхэм ящыщ куэд цIыхубэ ополченэм хьыхьэри, фашистхэм япэщIэуващ, адрейхэр я къару емыблэжу лэжьащ.

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

● Публицистым и псалъэ

ЦIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ я щапхъэгъэлъагъуэ

Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт Къантемыр Тыркубий щыщхьэуIум и 27-м илъэс 80 иригъэуащ.

КЪАНТЕМЫР Тыркубий Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Куэшхьэблэ къуажэм 1940 гъэм кьащIалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы и щIэныгъэм щыхигъэхьуащ Къэрэшей-Шэрджэс педагогикэ институтым. 1965 гъэм «Ленин ныр» (иджы «Черкес хэку») газетым ирагъэблагъэри лэжьэн щыщIидзащ икIи гукIи псэкIи фIыуэ илъагъу а IэнатIэм илъэс 45-кIэ зэрыташ, журналист лэжьыгъэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIу. Тыркубий журналист зэрыхъуамкIэ фIыщIэ зыбгъэдэлъыр и адэращ. Хэку заузшхуэм къикIыжа нэужь, 1946 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс плIыщIм щIигъукIэ ар адыгэ газетым хуэтхэу, абы пыщIэныгъэ хуиIэу къекIуэкIащ. Ар зыльэгъуа къуэм адэм щапхъэ трихащ.

ЗэуаплныгъэпыльуI и Iэнатlэр зэрырихьэкIым къыхэкIыу корреспондент щIэздза щIалэр япэщIыкIэ корреспондент нэхъыжь, иужькIэ письмохэмрэ газетеджэхэм ядэлжьэныжьмкIэ къудамэм и унафэщI хуэщI. КъызэгъэпэщакIуэ IэкIуэльакIуэу зыкъызэгъэльэгъуа Къантемырым икIэщыпIкIэ хуэзфIэкIащ газетым и къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ абы къатхэхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри иГъэбыдэн икIи зригъэжьхьн. НэгъуэщI щIыпIэхэм кьыкI тхыгъэхэр къыгъэжь щыхъуи, газетым и щIэупщIэм нэхъри хэхъуащ, и купщIэри ефIэкIуащ, цIыхубэм нэхъ щIэщыгъуэ, еджэгъуафIэ ящыхъуащ. А псом кьыдэкIуэри, газетым Iэ тезыдзэхэмрэ къатхэхэмрэ я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуами, абы и фIыгъэ куэд хэлъщ. КъыжьыIапхъэщ, Тыркубий журналистхэмрэ газетеджэхэмрэ я зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, конференцэ щхьэпэхэр, газетеджэхэм я махуэ гукъинэжьхэр кьызэрызригъэпэщащ. Мазэ кьэс абы игъэхьэзыр «Дэ кьытхуатх», «Ди пощт» псалъащхьэхэм щIэт напэкIуэцI купщIафIэхэр.

Зи Iэнатlэм хуэпэж, зи гуащIэ емыблэж лэжьакIуэ гумызагъэр щэнхабзэмкIэ кьудамэм и унафэщI игъэуващ. Абыи зыкьыщигъэлъэгъуащ зи пщэрыльхэр Iэкlуэлъакlуэу зыгъэзащIэ лэжьакlуэу. Редакцэм жэуап зыхь и секретарь, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ кьулыкъухэм ар илъэс блырыблкIэ пэрыташ.

ТхакIуэр ящыщщ шэрджэс литературэм хульэкI хуэзыщIахэм нэхъри зыгъэбеяжам, зыгъэбжьыфIахэм. Апхуэдащ и очеркхэмрэ гъуэгуанэ тхыгъэхэмрэ щызэхуэхьса «Абыхэм я гъащIэр» (1977 гъэ), «Кулизар мэIэзэр» (1978 гъэ), «СыгушыIэри, си фIэщыр» (1997 гъэ), «Пата - легенда мудрости Кавказа» (1916 гъэ), адыгэбзэкIи урысыбзэкIи кьыдигъэкIа «Фыкъыддежьу» (2017 гъэ), «Пойте с нами» и тхылъ щхьэпэхэр. «ЦIыкIухэм жаIэ» псалъащхьэм щIэту абы игъэхьэзыращ и тхыгъэ кIэщIхэр щызэхуэхьса тхылъ щхьэхуэр. И тхыгъэ зыбжанэ хагъэхьащ адыгэ литературэр еджапIэхэм зэрыщрагъэдж программэм.

Тыркубий ящыщщ нэгъуэщIхэм яхэмыгъуащ зи хьэтI зиIэжу кьэгъуэгурыкIуэ тхакIуэ зырызхэм. И япэ лъэбакъуэхэр усэхэмрэ очеркхэмкIэ лъэпкъ литературэм хичами, иужьым ар хуэкIуэжащ куэдым ягу дыхьэ гушыIэхэмрэ ауанкэмрэ. А тхыгъэхэр тхылъеджэхэм ягу щыпнэс щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ахэр къэгупсыса хъыбар мыхъуу, гъащIэм пэжу кьиэзрыщыхъуар, езыр зэрырихьэлIар. ЗэрытщIэщи, адыгэм ауанымрэ гушыIэмрэ и щIасэщ. ТхакIуэм и ауанэмрэ гушыIэхэмрэ цIыхухэм я ныкъуСаныгъэхэр гъуджэм хуэдэу ирегъэльагъуж, гъэсэныгъэ мыхьэнэм кьыдэкIуэу фIым, гуапагъэм, дахагъэм хуагъэуш. Абы и гушыIэ Iуэтэж цIыкIуэм новеллэ нэщэнэхэр яхэльщ: узыпэмыплъэ жэуап е къэхъукъащIэ ущрохьэлIэ. Нэхъыщхьэращи, зэфIэкI зыбгъэдэлъ дэтхэнэ зы тхакIуэми хуэдэу, и лъэпкъэгъуэхэм я мызакъуэу, абы и Iэдакъэщ Iэкlуэ щIэупщIэхэр щаIэщ нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщхэм я дежи. Тхылъеджэхэм я гукъеуэхэр зэрыщхьэщахырщ и ауанэмрэ гушыIэхэмрэ цIыхубэр щIатхьэкъуар, гьнэгу лъэпкъхэм я бзэхэмкIи щIызэрадзэкIар. Абы и Iэдакъэщ Iэкl хупщафIэхэм кууэ кьыхощ адыгэ щэнхабзэм, анэдэлъхьбзэм, Iуэрыйуатэм я кьулеигъэхэр. Балигъхэм щхьэкIэ итха гушыIэ Iуэтэж кIэщIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэщ сабийхэм яхуигъэзахэм нэхърэ. Ахэр нэхъыбэу зытеухуар еджапIэхэм кьыщыхьу Iуэхугъуэхэрщ. КьищынэмыщIаэу, и адыгэ хэкум, фIыуэ ильагъу и лъэпкъым, кьыщыхъуа кьуажэм, фIылъагъуныгъэм, нэгъуэщIхэм триухуа и усэхэр уэрэду зэIэпахыу цIыхубэм ягъэзащIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим я комозиторхэм макъамэхэр щIалъхьауэ.

КЪАНТЕМЫР Тыркубий и лэжьыгъэфIым и пщIэр Къэрэшей-Шэрджэсым и мызакъуэу, Урысейми нэгъуэщI щIыналъэхэм, я кьыщIалъытащ. Абы и щыхьэтщ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» щIыхьыщIэхэр кьыдэрыфIащар, «Печатным и отличник» щIыхь дамыгъэр, «ГуащIэдзкIым и ветеран» медаль, «Пата - легенда мудрости Кавказа» и тхылъым папщIэ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и саугъэтыр. Музыкэ гъуэзджэм хуищIа хэпъхьэныгъэхэмрэ а унэтIыныгъэм щIэ ехьулIэныгъэхэмрэ папщIэ «Дыщэ микрофон» саугъэтэхэр кьызэрыхуагъэфэщар. КьищынэмыщIаэ, Къантемырыр республикэ журналист зэпеуихьм я лауреатщ, УФ-м и Журналист зэгухьэныгъэр илъэс 80 щрикъуам а Iэхэущ Iэ и Щ1ыхь тхылъыр кьратащ.

Мы зэманым пенсэм тIысыжауэ зигъэпсэхуми, Тыркубий и тхэныгъэ зэпигъэукъым. Кьыщыхьуа Куэшхьэблэ къуажэмрэ зыщыщ Къантемыр лъэпкъымрэ ятриухуа тхыгъэхэм, «Сабийхэм жаIэ» тхылъ цIыкIум гупсэхуу илъэс зыбжанэкIэ елэжьащ икIи а Iэрытхэр кьызэрыдигъэкIынум хуигъэхьэзыращ. Нэхъыжь Iущ, тхакIуэ, журналист набдзэгубдзапIлъэ, нэхъыщIэхэм я ущикIуэ, цIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ я щапхъэгъэлъагъуэ Къантемыр Тыркубий узынщагъэ быдэ иIэу, и кьалэмыр мыкIуэщIу иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым тхуиГъэлэжьэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ДифI догъэлъапIэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Макъхэр - сурэткIэ

ФокIадэм и 11-м «Черкесский язык и трансформация квадрата Малевича» фIэщыгъэм щIэту сурэтыщI Iэзэ Урым Руслан и Iэдакъэщ Iэкlэм я гъэлъэгъуэныгъэ Налшык къыщызэIуахащ.

НЭХЪ ИПЭКIЭ тлъэгъуа гъэлъэгъуэныгъэхэм мыр куэдкIэ хуаэзэрыщIэщы-кIыр гурыIуэгъуэ ищIырт ар къыщызрагъэпэща щIыпIэм. Куэд щIауэ ябгынэжа «Победа» киногъэлъэгъуапIэм Урымым псэ хилъхьэжат а махуэм (щIыпIэр гъэлъэгъуэныгъэм и хэзытркIэ къызэIуахат). ЗэрытщIэщи, Малевич и «Черный квадрат» сурэт цIэрыIуэр «Победа над Солнцем» спектакль-оперэм хуищIа декорацэхэм щыщщ. Араща Урымым и гъэлъэгъуэныгъэр «Победа» киногъэлъэгъуапIэм утыку кьыщрихьэну щIытегушхуам и щхьэусыгъуэр.

Руслан и IуэхущIафIэкIи лэжьыгъэкIи адыгэ сурэтыщIу зэрыщытым куэд щыгъуазэщ. Иджырей Iэдакъэщ Iэкlэхэри абы и щыхьэтщ. Гъэлъэгъуэныгъэм хыхьа сурэт 46-р адыгэ макъхэм я сурэтщ. Макъ къэс езым и сурэт, и къэIуэтэкIэ дегъэльагъу Руслан.

Сурэтхэм ябгъыбыт штрихкодхэм телефонкIэ сурэт тепхэм, макъыр щылажьэ псалъэхэр, абыхэм я къэIуэкIэр кьыбжьеIэ.

Крым Руслан гъэлъэгъуэныгъэр зэрыщыIэуихым кьыдэIэпыкъуа псоми фIыщIэ яхуищIри, сурэтхэм я гупсысэр Бер Хьикмэт и «Макъыбзэ» тхылъым кьигъэушауэ, илъэс куэд щIауэ зэрелэжьыр кьыхигъэщащ. Адыгэбзэм хуиIэ еплъыкIэр щIэныгъэлIым ей мыхъуу, сурэтыщI бгъэдыхьэкIэу зэрыщытыр жиIащ Крымым.

Адыгэбзэм и макъ кьэс мыхьэнэ иIэу къэзылъытэр мащIэкъым, ар бзэм и зэхэлъыкIэр зыщIэ дэтхэнэми къыбжиIэфынуц. Гъуэзджэм и плъэфэхэмрэ бзэм и щIагъыбзэмрэ екIуу щызэхэухуэна мы гъэлъэгъуэныгъэм гупсысэм щIыIтыжьт. Руслан и плъыфэхэмрэ дамыгъэхэмрэ «къопсалъэ», зыхэщIыкI гуэр пхэлърэ адыгэбзэр пIурыльмэ, ар «зыхьыумыхынкIэ» Iэмал иIэкъым. Сурэт къэс, макъ къэси хуэдэу, гупсысэм и псыкъуий лъащIэншэм уеIэбых хуэдэщ...

Гупсысэхэр нэхъри кьрагъэблырт а гъэлъэгъуэныгъэм кьеблэгъахэу Апэпш Бибарсрэ ХьэцIыкIу Баширрэ ягъэзащIэ пасэрей уэрэдыжьхэм.

Крымыми и Iэдакъэщ Iэкlхэм, дауи, хужаIэнур мащIэкъым, ауэ сэркIэ мы лэжьыгъэхэр адыгэбзэм, щэнхабзэм ипэкIэ яча лъэбакъуэ дахэщи, Тхьэм иригъэфIакIуэ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ласицкене етхуанэуи токIуэ

Ди лъахэгъу цIэрыIуэ Ласицкене (Кучинэ) Марие етхуанэу къэралым и чемпион щыхъуащ иджыблагъэ Челябинск щекIуэкIа Урысей Федерацэм атлетикэ псынщIэмкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм.

ЛъАГЭУ дэлъеиныкмкIэ зэпеуэм Ласицкене къыщыпэлъэщын аргуэру къыхэкIакъым. Дыщэ медалыр зыIэригъэхьэн папщIэ ар иригъуащ къыззэринэкIа 1 метрымрэ сантиметр 92-мрэ, нэхъыбэж зэрыхуэзфIэкIыр нэхъапэм мыззэмыгIуэ къигъэлъэгъуа пэтми.

Зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щызыубыда Королёвэ Кристинэ ди лъахэгъум сантиметри 4-кIэ къыкIэрыхуащ.

МЭЗКУУ Къанцобий.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» и фо кIадэр

«Черноморец» (Новороссийск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:2 (0:1). Новороссийск. «Центральный» стадион. ФокIадэм и 20-м. ЦIыху 300 еплъащ.

Новороссийск щытекIуэхэр.

Судьяхэр Федотов (Великий Новгород), Магомедов (Мэхъэчкъалэ), Шаламов (Санкт-Петербург).

«Черноморец»: Щоджэн Аз., Гараев, Омаров, Мустафин (Курбанов, 46), Гришин, Ахьэмэдхъан, Машэжь, Климов (Пономарёв, 55), Пацев (Барцов, 46), Магомедов, Матюшенкэ (Тимошенкэ, 63).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мэкъуауэ, Ольмезов, Дзэмыхь (Уэрэзей, 79), Шумахуэ, Бахъсэнокъуэ (Ашу, 71), Хьэшыр (ХьутIэ, 72), Дзэу, Джатэрыв, Iэпщащэ (Багэтыр, 81), Гугуев (Бацэ, 65).

Топхэр дагъэкIащ: Iэпщащэм, 36 (0:1). Ашум, 82 (0:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Гугуевым, Iэпщащэм, Пацевым, Гараевым, Ольмезовым, Мэкъуауэм, Ахьэмэдхъаным, Гришиным.

МЫ ГъЭМ и фокIадэ мазэр хуабжьу хуэугъуэлащ «Спартак-Налшыкым»: Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Iпэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм икъ иткIэ а лъэхъэнэм къыщыпэщылъа зэIущIащим ар щытекIуащ икIи зэпеуэм къыщыкIэрыху командэхэм къахэкIри, курыт зэфIэкI зиIэхэм яхьхьащ.

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэр щыдгъэлъапIэ фокIадэм и 20-м «Спартак-Налшыкыр» Новороссийск кьалэм щыыщIат сыт щыгъуи лъэщ щыпIэ «Черноморец»-м. Ди щIалэхэр абы ирихьэлIат япэ къута джэгугъуитIым щытекIуарэ я гукъыдэжьр ину. Хэгъэрейхэм я Iуэхуэр нэгъуэщIт: Урысей Федерацэм и кубокыр кьахьыным теухуа зэпеуэм ипкъ иткIэ бэрэжьейм кьахуэкIуа премьер-лигэм хэт Кьэзан и «Рубин»-м 2:4-уэ кьыхиIуэхэр зэрагъэззэкIуэжьыну Урысей Федерацэм и футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Iпэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта джэгуГуэм кьрикIуа бжыгъэхэм: **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - «Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - **1:1**, **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **«Кубань»** (Краснодар) - **0:1**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Интер»** (Черкесск) - **4:1**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **«Мэхъэчкъалэ»** (Мэхъэчкъалэ) - **3:0**, **«ЕсэнтIыгу»** (Есэнтlыгу) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **2:0**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **1:1**. **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«ТIуапсы»** (ТIуапсы) зэIущIэр гъатхэм ягъэIэпхъащ.

ФокIадэм и 25 - 27 махуэхэм зэхэтыну кьыкIэлъыкIуэ джэгуГуэр «Спартак-Налшыкым» блегъэкI. Ар иджы утыку кьыщихьэнур Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-р кьыщригъэблагъэну жэпуэгъуэм и 4-рщ.

ЖЬЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Iпэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Кубань-Холдинг»	7	5	1	1	15-6	16
2.	«Кубань»	7	5	0	2	17-7	15
3.	«Легион Динамо»	7	4	3	0	12-3	15
4.	«Анжи»	7	4	2	1	13-8	14
5.	СКА	6	4	0	2	11-7	12
6.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	6	3	2	1	12-9	11
7.	«Форте»	6	3	1	2	13-5	10
8.	«Спартак-Налшык»	7	3	1	3	9-8	10
9.	«Черноморец»	6	3	1	2	4-4	10
10.	«Динамо-Ставрополь»	7	3	1	3	9-10	10
11.	«Дружба»	7	2	2	3	8-14	8
12.	«Краснодар-3»	7	2	1	4	8-12	7
13.	«Мэхъэчкъалэ»	7	2	1	4	8-13	7
14.	«Биолог-Новокубанск»	6	1	1	4	5-10	4
15.	«Интер»	6	1	1	4	10-18	4
16.	«ЕсэнIыгу»	6	1	0	5	5-11	3
17.	«ТIуапсы»	5	0	0	4	5-19	0

Къэралым и чемпионищ зэуэ

Владимир къалэм щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 21-м щIимыгъуахэм альдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысей Федерацэм пашэныгъэр къыщыхьныныкIэ я зэхьэзэхуэ. Абы фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэм.

Зэхьэзэхуэм и япэ махуэхэм ди бэ- накIуэхэм медалиплI къахьащ. Килограмм 82-рэ зи хьэлъагъэм я зэпеуэм Гъэныбэ Iэуес къыщыпэлъэщын къыхэкIакъым. Нэхъ хьэлъэ дыдэхэм, килограммим 130-м нэблагъэхэм, я дежи тепщэныгъэр щызыубыдар КIэмпIарэ Мараткъ.

Килограмм 67-рэ зи хьэлъагъэмрэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэмрэ я «финал цIыкIуми» пашэныгъэр щызыIэрагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэу Гуэлъжьей Iэдэмрэ Шыбзыхъуэ Къантемыррэ. Абыхэм домбекъ медалхэр ялъысащ.

Зи ныбжьыр илъэс 21-м щIимыгъуахэм альдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысей Федерацэм пашэныгъэр къыщыхьныныкIэ зэхьэзэхуэм и кIэух махуэми ехъулIэныгъэхэр къытхуихьащ. Килограмм 72-м нэс зи хьэлъагъэ Бэлэтокъуэ Уэсмэн финалым щефIэкIащ Краснодар крайм щыщ Цаканян Нвер икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. БищIо Астемыр килограмм 63-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм ещанэ щыхъуащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Карныш Сергей Александр и къуэм** хуогузавэ и анэ **Карныш Светланэ Герасим и пхъур** зэрыIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъуэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэныкмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Элэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэру* **ЩIхьэщэмыщI Изэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.009 ● Заказ №1954